



## WORCESTER PUBLIC SCHOOLS

Office of the Superintendent  
Dr. Rachel Monárrez  
Superintendent

**P** 508-799-3115  
**F** 508-799-3199  
**E** [communications@worcesterschools.net](mailto:communications@worcesterschools.net)

Dr. John E. Durkin  
Administration Building  
20 Irving Street  
Worcester, MA 01609-2493

Mas 2023

Bonjou, Moun Ki responsab pou Bay Swen Nan Worcester Public Schools yo:

Nou pa ka kwè nou gentan sou sizyèm mwa nan ane akademik 2022-23 a e nou gentan selebre 100yèm jou lekòl la. Sensèman, mwen swete pou eksperyans pitit ou ak tout fanmi w ap viv nan lekòl la pozitif e li chaje ak anpil posibilite pou nou ouvè lespri nou, dekouvri nouvo bagay, fè nouvo zanmi, epi gen yon enfluyans pozitif sou moun ki nan antouraj nou. Mwen pa sispann gen rekonesans pou posibilite m genyen pou m dirije Worcester Public Schools.

Objektif lèt sa a se pou selebre yon seri bagay nou reyalize nan WPS, fè nou konnen nan ki nivo m ye nan vizit m ap fè nan objektif pou m koute epi aprann nan, epi pataje sa nou dwe atann ak fason pou nou rete konekte alavni.

### Selebrasyon:

- **Pwen Enpòtan Konsènan Aktivite Elèv la:** Elèv nou yo pa sispann fè kè nou kontan ak tout bèl talan ak konpetans yo montre yo genyen. Nan WPS, nou gen elèv ki chaje ak talan, ki estiraòdinè, atlèt, atis, syantifik, mizisyen ak plis toujou!

**Ekip Foutbòl South High la** ansanm ak **ekip hockey Doherty a** te patisipe nan eliminatwa yo aprè tout sezon kote yo te reyalize anpil siksè yo. **Ekip dans Burncoat la** te patisipe nan chanpyona ki te fèt nan tout peyi a e yo te rive dezyèm, epi te gen 30 elèv WPS yo te aksepte nan Festival Mizik Pou Debitan nan **South, Burncoat, ak Sullivan**. Mete sou sa a, elèv nou yo ki chaje talan yo te voye plis pase 1000 demann pou 45yèm edisyon konpetisyon ki rele "Be My Valentine **Worcester Historical Society's** fè chak ane a.

Si w te konn mande tèt ou jis nan ki nivo elèv nou yo entèlijan, branche WGBH la epi gade **South High** k ap patisipe nan konpetisyon ki difisil anpil la ki rele **High School Quiz Show**. ([Gade seyans lan sou entènèt online!](#))

**Doherty ak South High Schools** te reprezante WPS ak fyète yo te patisipe nan **Chanpyona VEX Robotics Lekòl Segondè** ki te fèt nan Bancroft School.

E pou n fini, ekip spò ivè nou yo: **North boys basketball** ak **South's girls basketball** se de pi gwo ekip nan zòn nan pou n siveye! Kesewa nan klas la, sou teren an, lè y ap pèfòme, oubyen kreye robo, Elèv Worcester Public Schools yo gen kapasite pou fè tout nèt.

- **Amelyorasyon ki fèt nan domèn sekirite:** Nou te siyen kontra ak *Guidepost Solutions* pou yo te ka fè yon verifikasyon sekirite nan lokal ki nan distri nou yo. Nou panse n ap resevwa rekòmandasyon pou nou pote amelyorasyon nan dispozisyon nou pran pou sekirite fizik (seri, kamera, limyè pa deyò, kontwòl aksè yo), pwosedi sou antre ak sòti yo, seyans pratik pou sekirite elèv ak anplwaye. Epi, tout direktè lekòl yo, moun k ap jere nan distri a ak manm Komisarya Polis Worcester yo te pran yon fòmasyon ki dire yon jou ak *I Love You Guys*. Ou mèt atann w ap gen pou w aprann plis konsènan *I Love You Guys* alavni, tankou posibilite pou w patisipe nan yon seminè pou moun k ap bay swen. [www.iloveyouguys.org](http://www.iloveyouguys.org)
- **Plis Sipò pou Fanmi ak Elèv yo** Grasa sipò Komite Lekòl la, nou te rive anboche moun pou pòs ki enpòtan pou elèv yo ak fanmi yo ka jwenn plis sipò. Ou mèt atann w ap wè kominikasyon ak fanmi yo amelyore, tankou w ap gen pou w wè nou plis sou rezo sosyal ak lòt mwayen kominikasyon lekòl yo ak biwo distri a. Epi, objektif nou se pou nou ranfòse angajman fanmi yo epi bay anplwaye yo dirije travay enpòtan sa a. Pou n fini, nou te siyen kontra ak founisè ki nan zòn nan pou nou ka ankadre jèn nou yo ki nan klas fondamantal ak segondè pou bezwen yo genyen nan domèn sante mantal.

### **Tèm Pou Vizit Nan Objektif pou Koute ak Aprann nan:**

Mèsi ak tout moun ki te pran yon ti tan malgre yo okipe anpil pou yo patisipe nan yon konferans deba nan otòn ki sot pase a oubyen ki te patisipe nan sondaj ki te fèt sou entènèt la.

Tèm ki vin annapre yo soti nan sa nou te pataje:

1. Lokal ki Modèn & Ki San Danje
2. Anbyans Ak Kilti Nan Lekòl La
3. Kominikasyon & Angajman k ap kontinye
4. Byennèt & Sante Mantal
5. Resous & Pwogram Edikasyon Pou Tout Moun
6. Devlope & Kenbe Talan

### **E apre?**

1. Mete Plan Byen Kalkile a sou pye grasa entegrasyon tèm ki soti nan konferans deba yo ak enfòmasyon mwen te rasanble pandan m ap vizite klas yo.
2. Rele yon seri gwoup kolaboratè diferan pou yo ka reyalize Plan an.

3. Dekri referans, endis ak bidjè ki la pou plan solid ki byen kalkile a pou yo ka suiv epi garanti li bay rezilta pou aprantisaj elèv la.
4. Lansman Plan Solid Ki Byen Kalkile a Ap Fèt nan Mwa Septanm 2024
5. Aplike rekòmasyon yo bay aprè verifikasyon ki te fèt yo tankou kreye yon bidjè, lè sa a nesesè.
6. Kontinye chèche mwayen pou nou rete konekte ak lekòl yo, fanmi yo ak patnè ki nan kominote a.

#### **Kijan w ka toujou jwenn enfòmasyon e rete konekte?**

- Asire w ou suiv paj WPS sou [Facebook](#), [Twitter](#), ak [Instagram](#) pou w ka toujou gen enfòmasyon sou sa k ap pase nan lekòl nou yo!
- Pou w jwenn dènye enfòmasyon konsènan Plan Ki Byen Kalkile a, ale sou [worcesterschools.net/planupdates](http://worcesterschools.net/planupdates). Byento nou pral poste enfòmasyon la a.

M toujou kwè nan posibilite Worcester Public Schools bay. Nou se yon gwoup moun ki la pou bay bèl kominote sa a ki nan Worcester a. Ansanm avè w, Komite Lekòl nou an ak patnè ki nan kominote nou yo, pa gen anyen nou pa ka e nou p ap reyalize. Tanpri, kontinye pèsevè, aji ak kouraj, pa okipe sa k pa enpòtan epi rete konsantre sou rezon ki fè nou egziste - ki se edike jenerasyon k ap vini yo. Soti la, al nenpòt kote... *ansanm*.

Sensèman,



Rachel H. Monárrez, Ph.D.

Direktè Jeneral Lekòl yo